

Asistans Chomaj Koze pa Dezas

Administre pa Depatman Opòtinite Ekonomik nan Florid



Kisa Asistans Chomaj koze pa Dezas la ye?

Asistans Chomaj koze pa Dezas la (DUA) bay asistans pou moun ki pèdi travay yo oswa te kanpe kòm yon rezilta dirèk de yon gwo dezas, jan sa deklare pa Prezidan peyi Etazini an.

Èske mwen kalifye pou DUA?

Ou ka kalifye si ou te viv oswa travay nan yon zon kè yo tè deklare kom dezas, e kòm yon rezilta dirèk de dezas la youn oswa plis nan sa yo ki te pase: ou te vinn pap travay, ou pa kapab rive nan plas ou travay la, ou pa ka travay akòz yon aksidan, ou te pwograme pou kòmanse travay, men ou pa gen yon travay ankò oswa ou te vin sipò prensipal akòz lanmò moun kitè responsab kay la.

Kouman pou mwen ranpli yon reklamasyon?

Ou kapab ranpli reklamasyon ou an sou Entènèt nan www.floridajobs.org, pou ou ranpli yon aplikasyon nan CONNECT oswa rele 1-800-385-3920.

Ou dwe aplike pou regilye benefis Asistans Reyanbochaj Asistans (RA) anvan ou ranpli pou DUA. Pandan aplikasyon an ou pral mande si ou te afekte nan dezas la. Yo pral detèmine elijiblite ou pou reklamasyon an. Si yo detèmine ou pa elijib oswa ou a finn itilize RA benefis regilye ou la, yo pral mande pou ranpli yon DUA aplikasyon sou

Kisa mwen ta dwe kenbe nan tèt mwen lè yon DUA aplikasyon ranpli?

Ou dwe rapòte tout salè chak semèn. Si ou peye pa anplwayè ou pandan absans ou nan travay oswa si ou retounen travay, ou dwe rapòte salè sa yo nan demann chak semèn ou fè pou peman. Peman pou vakans dwe rapòte tou nan demann chak semèn ou fè pou peman.

Prè travay nan moman katastwòf la egzije nan lespas 21 jou apre ou ranpli aplikasyon DUA a. Ou ka faks dokiman yo mande ou yo nan 1-800-222-7934 oswa voye yo pa lapòs nan DUA inite PO Box 5350 Tallahassee, FL 32314. Retounen taks sou revni pèsonèl ou (Fòm Federal 1040 ak atachman) oswa lòt prè travay (egzanp 1099) è ak salè ou touche nan kalandriye anè 2017 ka reklame tou.

Konbyen semèn mwen ka resevwa?

Si ou kalifye pou DUA, yo pral peye ou benefis chak semèn an akò ak règleman federal e leta. DUA benefis tipikman dire jiska 26 semèn.

Konbyen tan li pral pran avan mwen resevwa benefis mwen yo?

Benefis DUA yo peyab yon fwa ke yo resevwa prè travay ak salè chomaj, verifye e te detèmine ke chomaj ou a te yon rezilta dirèk de dezas la. Yo ka kenbe benefis yo jiska 21 jou jiskaske yo resevwa tout dokiman ki ekzije yo. Chak reklamasyon dwe revize sou baz ka-pa-ka. Objektif nou se asire ke yo pran yon detèminasyon pi vit posib nan tan bezwen ou.

Asistans rekipasyon dezas la disponib san konsiderasyon ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, enfimite, konpetans nan Angle oswa estati ekonomik. Si ou menm oswa yon moun ou konnen yo te diskrimine kont, ka rele gratis Ajans Federal pou Jesyon Ijans nan 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.

(Rev. 10/2018)